

## BAB V PANUTUP

Dina ieu bab diguar kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.

### 5.1 Kacindekan

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun kana opat poin, nyaéta: 1) kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022 anu ngagunakeun média konvensional téh kagolong “kurang pisan”; 2) kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022 anu ngagunakeun média *Webtoon* téh kagolong “kurang” 3) média *Webtoon* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022. Sanajan hasilna masih kagolong “kurang”, tapi sacara nilai rata-rata, éta mampuh ngaronjat 9 poin (+14,4%) ti batan nu ngagunakeun média konvensional; jeung 4) aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022 anu ngagunakeun média *Webtoon* jeung nu ngagunakeun média konvensional.

### 5.2 Implikasi

Dina kaayaan sagala *online* saperti kieu, mémang kabutuhan média basis digital jadi naék pisan. Lantaran kagiatan diajar dilakonan maké cara daring. Antukna nu dibutuhkeun téh lain deui bangku sakola, méja sakola, buku tulis, pulpén, papan tulis, jeung sajabana, méh kasilih ku nu ngaranna pakakas téknologi. Salah sahijina nyaéta *Webtoon*, mangrupa média digital anu diciptakeun minangka alternatif tina hal-hal konvensional saperti kitu.

*Webtoon* ti saméméhna mémang geus kungsi dilarapkeun kana média pangajaran pikeun barudak sakola. Saperti nu geus dikembangkeun minangka média pangajaran kaparigelan maca dina bahasa Perancis, hasilna *Webtoon* téh bisa ngirut siswa pikeun diajar bahasa Perancis. Lian ti éta, *Webtoon* ogé geus pernah ditalungtik minangka média pangajaran pikeun napsirkeun pandangan pangarang dina novél, sarta hasilna éféktif. Ieu panalungtikan, milu nguatkeun deui hasil-hasil

saméméhna. Yén média *Webtoon* téh éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon siswa. Hal-hal saperti matéri anu ngirut, aksés nu babari, sipatna nu masih *anti-mainstream*, sarta ngungkulan pisan kana masalah kurangna motivasi maca, éta téh minangka faktor-faktor penting tina ngaronjatna kamampuh maca siswa.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan jeung implikasi di luhur, aya sawatara rékoméndasi atawa saran ti panalungtik, nyaéta:

- 1) Média *Webtoon* anu dipaké dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké atawa dilarapkeun ku guru-guru minangka bahan jeung média pangajaran, kalawan tujuan pikeun mantuan dina nepikeun matéri pangajaran.
- 2) Média *Webtoon* teu ngan ukur pikeun pangajaran maca pamahaman carpon, tapi bisa dimekarkeun deui minangka bahan bacaan basa Sunda konsép modéren anu bisa diaksés ku masarakat.
- 3) Média *Webtoon* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon siswa nalika kagiatan diajar-ngajar daring. Upama kagiatan diajarna luring, éta bisa jadi perlu ditalungtik ogé kumaha lamun média *Webtoon* dilarapkeun sacara tatap muka.
- 4) Média *Webtoon* dipiharep bisa dituluykeun, sanajan teu husus pikeun média pangajaran di sakola ogé. Itung-itung ngamumulé sarta ngariksa basa jeung sastra Sunda dina média digital.